



Pou Piblikasyon Imedya: 11/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO AK KOMISÈ SANTE ETA NEW YORK LA, DOKTÈ HOWARD ZUCKER SOU DIREKTIV CDC A KI ELIMINE EGZIJANS KARANTÈN POU MOUN KI TOTALMAN VAKSINEN APRE EKPOZISYON YON KONTAK PWÔCH

"Yè Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control ak Prevention, CDC) te fè mizajou nan direktiv li a konsènan karantèn apre ekspozisyon ak yon moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19. Dapre direktiv la, 'moun ki pa gen sentòm ki konplètman vaksinen yo', sa vle di ki te resevwa toude piki yo epi omwen de (2) semèn te pase depi dezyèm piki a, pa oblje fè karantèn ankò nan yon peryòd 90 jou apre dezyèm piki a.

Depi nan kòmansman pandemi an, Eta New York te swiv lasyans epi li te koute ekspè yo, epi nou pral fè mizajou menm jan an nan egzijans karantèn yo pou Nouyòkè ki te resevwa toude piki yo pou reflekte nouvo direktiv CDC a. Sepandan, lasyans konsènan transmisibilite COVID apre vaksinasyon an rete ensèten, epi direktiv ajou sa a se pa yon kat blanch pou Nouyòkè yo bese vijilans yo a.

"Tout Nouyòkè, gen ladan sila yo ki te pran vaksen an konplètman, ta dwe kontinye pote mask, kenbe distans sosyal, epi rete entèlijan jiskaske nou atenn iminite kolektiv epi pandemi an konplètman relege nan liv istwa yo".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)